

ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

Madi, 14 jen 2016 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- 1 Istoryen yo depann sou sous primè paske sous sa yo
 - (1) pi byen detaye pase sous segondè yo
 - (2) se yon temwen ki te la k ap rakonte evènman yo
 - (3) gen otorizasyon otorite relijye
 - (4) tabli règ pou ekri listwa
- 2 • Etidye diferan sistèm gouvènman
 - Fòm pwopozisyon pou politik piblik
 - Analize sondaj elektoral ak rezila yo

Yon moun ki espesyalize nan aktivite sa yo rele

 - (1) yon ekonomis
 - (2) yon politològ
 - (3) yon sosyològ
 - (4) yon antwopològ
- 3 Ki de (2) peyi mouson yo afekte plis?
 - (1) Gana ak Ajantin
 - (2) Aljeri ak Tik
 - (3) Lenn ak Lachin
 - (4) Kiba ak Afganistan
- 4 Yo konsidere Revolisyon Neyolitik la kòm yon etap enpòtan nan iswa lèzòm prensipalman paske
 - (1) travay tè te fè vin gen kominote ki enstale
 - (2) moun te kòmanse itilize po bèt pou fè rad
 - (3) yo te itilize kwiv pou premye fwa pou amelyore zouti ki fèt ak wòch yo
 - (4) tablo nan gwòt yo te make aktivite gwoup moun nomad yo
- 5 Ki aksyon ki plis sanble ak premye sivilizasyon Mezopotami yo?
 - (1) bati jaden sou dlo pou plante mayi
 - (2) etabli demokrasi reprezantatif
 - (3) devlope yon sistèm ekriti kote yo te itilize kineyifòm
 - (4) konstwi tanp Endou
- 6 Ki de (2) gran rejyon Wout Swa a te konekte dirèkteman?
 - (1) Lewòp ak Lamerik Disid
 - (2) Lamerik Santral ak Lafrik
 - (3) Lazi ak Lafrik
 - (4) Lazi ak Lewòp
- 7 Kwayans Dawoyis, Chento, ak animis souliye sou
 - (1) amoni ak lanati pou viv an pè
 - (2) aksepte monoteyis pou w ka sove
 - (3) bon konpòtman pou gen lòd sosyal
 - (4) obeyisans règ kas yo pou reyalize mokcha
- 8 • Jistinyen enpoze nouvo lwa.
 - Lè yo fin bati Hagia Sophia, Konstantinop te vin pi bèl.
 - Yo te prezève tradisyon greko-women.

Ki anpi n ap dekri nan deklarasyon sa yo?

 - (1) Bizanten
 - (2) Pès
 - (3) Morya
 - (4) Otoman
- 9 Kisa youn nan efè ekspansyon Islam ant ane 632 ak 750 te ye?
 - (1) Kalif yo te entèdi konkèt ak zam.
 - (2) Te gen koneksyon kiltirèl ak komèsyal ki etabli sou yon rejyon ase gran.
 - (3) Yon majorite popilasyon Lewòp oksidantal te konvèti.
 - (4) Yon sèl otorite santralize te dirije yon rejyon soti nan Lanmè Mediterane a rive nan Rivyè Endous la.
- 10 Kisa rezilta final Kwazad la te ye?
 - (1) Tik Seldjoukid yo te pran Lespay.
 - (2) Jerizalèm te rete sou kontwòl Mizilman yo.
 - (3) Charlemagne te etabli Anpi Fran an.
 - (4) Pap la te vin dirijan Legliz Otodòks Oryantal la.

Baze repons ou pou kesyon 11 lan sou tablo ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

Dominasyon Mongòl nan Larisi, Pès, ak Lachin

| |
|---|
| Larisi <ul style="list-style-type: none">• Mongòl yo te kite prens Ris yo dirije epi yo te fè yo peye.• Mongòl yo te aksepte pratik relijye lokal yo. |
| Pès <ul style="list-style-type: none">• Mongòl yo te itilize Pèsan yo pou sèvi kòm fonksyonè nan ti nivo ba, gouvènè, ak fonksyonè leta.• Pifò nan Mongòl nan Pès yo te konvèsi nan Islam. |
| Lachin <ul style="list-style-type: none">• Mongòl yo te pote administratè etranje pou dirije gouvènman an.• Mongòl yo te koupe privilèj savan Konfisyen yo epi yo te detwi sistèm egzamen Konfisyen an. |

11 Selon enfòmasyon ki sou tablo sa a, ki deklarasyon ki rezime enfluyans dominasyon Mongòl nan Larisi, Pès, ak Lachin pi byen?

- (1) Ofisyèl lokal yo te gen dwa pou kontwole tout Anpi Mongòl la.
- (2) Mongòl yo te mande tout moun ki te vin sou kontwòl yo pou yo konvèti nan Islam.
- (3) Mongòl yo te itilize plizyè metòd pou dirije diferan moun ki te vin sou kontwòl yo.
- (4) Yo te itilize egzamen sèvis piblik pou chwazi ofisyèl gouvènman nan tout zòn yo te pran yo.

12 Ki deklarasyon sou lapès bibonik nan 14èm syèk la ki pi egzatz?

- (1) Paske sistèm pou ijyèn piblik la te amelyore, sa te elimine menas lapès la.
- (2) Avansman nan lamedsin te fè lapès la sispann simaye.
- (3) Komès ant Lewòp ak Lazi te kanpe jis avan lapès la te kòmanse.
- (4) Paske lapès la te touye anpil moun, te vin pa gen ase moun pou travay.

13 Kisa ki yon gran rezon Renesans lan te kòmanse nan vil-eta italyen yo?

- (1) Rivyè Rin nan te bay endistri italyen yo kouran.
- (2) Alp yo te separe vil-eta sa yo ak rès Lewòp.
- (3) Paske vil-eta sa yo te nan zòn mediterane a, sa te ankouraje komès.
- (4) Grasa bon klima Itali a, yo te vin depann sou pwodwi agrikilti.

Baze repons ou pou kesyon 14 la sou dyalòg ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

...“Ebyen èske mwen oblije rete fidèl a Senyè Akiyama kèlkeswa sa li fè — menmsi li enfidèl a Senyè Takeda?” Se sa mwen te mande.

“Sètenman!” Pa te gen yon ti kras dout nan repons Kansuke. “Senyè ou se tankou papa ou, ou oblije suiv li kèlkeswa kote li mennen ou, menm si sa koute w lavi ou, nan wout vè loksidan an.”...

— Erik Christian Haugaard, *The Samurai's Tale*, Houghton Mifflin

14 Ki kwayans tradisyonèl y ap ekspriime nan pasaj sa a ki soti nan *The Samurai's Tale*?

- (1) reyenkanasyon
- (2) bouchido
- (3) hadj
- (4) nivana

Baze repons ou pou kesyon 15 lan sou imaj ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: *Ancient Middle America*, University of Minnesota at Duluth

15 Pou reyalize degre devlopman nou wè la a, premye bagay aztèk yo te bezwen fè se

- (1) envante bourèt pou deplase materyèl konstriksyon yo
- (2) itilize zannimo ki domestike pou ede ak agrikilti
- (3) etabli yon gouvènman òganize ak yon mendèv espesyalize
- (4) adopte teknik jeni avanse kilti ewopeyen ki t ap simaye toupatou

16 Wayòm Gana yo, Mali, ak Songayi te kapab reyalize lajdò yo tout an pati paske yo te

- (1) depann sou plantasyon sik nan dèlta Nijè a
- (2) kontwole wout komès transaryèn yo
- (3) dekouvri rezèv petwòl nan Gòlf Gine a
- (4) kapab itilize pò natirèl sou lakòt Oseyan Atlantik la

17 Avan ane 1500 yo te fini, Anpi Otoman an te dirije yon zòn ki te pase nan

- (1) rejyon sidwès Lazi pou ale nan rejyon lès Lewòp epi nan rejyon nò Lafrik
- (2) penisil Arab la atravè rejyon nò Lafrik epi nan rejyon sid Lespay
- (3) Mongoli atravè wayòm Azyatik santral yo
- (4) Soukontinan endyen an jouk nan Detwa Malaka a

Baze repons ou pou kesyon 18 la sou pasaj ki soti nan dokiman ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

Deklarasyon Dwa Lòm ak Sitwayen

1. Lòm fèt lib epi li rete lib ak menm dwa ak tout moun. Kapab genyen distenksyon sosyal sèlman pou byen jeneral.
2. Rezon tout asosyasyon politik se pou prezève dwa natirèl ak enpreskritib [ou pa ka retire nan men li] lòm genyen. Dwa sa yo se libète, pwopriyete, sekirite, ak rezistans kont opresyon....

— French National Assembly, 1789

Deklarasyon Dwa Fanm ak Sitwayen Fanm

1. Fanm fèt lib epi li gen menm dwa ak gason. Kapab genyen distenksyon sosyal sèlman pou sèvis an komen.
2. Rezon tout asosyasyon politik se pou prezève dwa natirèl ak dwa ou pa ka retire nan men Fanm ak Gason: sa yo se dwa pou gen libète, pwopriyete, sekirite, epi avan tout, dwa pou reziste kont opresyon....

— Olympe de Gouges, 1791

18 Selon pasaj sa yo, kiyès nan aksyon sa yo ki t ap gen plis chans pou Olympe de Gouges sipòte.

(1) tiye wa a

(2) limite aksè pou ale lekòl

(3) kreye estrateji militè ki pi radikal

(4) agrandi definisyon egalite

19 Ki chanjman ki plis asosye ak Peter the Great nan Larisi?

- (1) yo te etabli Moskou kòm vil kapital la
- (2) yo te pwolonje fontyè Larisi nan Kokaz Dinò ak Ikrèn
- (3) enfliyans oksidantal ak modènizasyon nan peyi a
- (4) emansipasyon sèf yo nan pwopriyete prive

20 Ki sa ki te rive akòz echanj Kolonbyen an?

- (1) yo te etabli yon sistèm tè feyodal an Ewòp
- (2) yo te devlope yon rezo komès global Ewopeyen yo te domine
- (3) yo te entwodwi yon fason pou fè agrikilti sou tè boule nan Lamerik
- (4) kreyasyon Lig Anseyatik la

21 Ki tèm ki siyifi konsesyon tè ak politik fiskal Espanyòl yo te itilize nan Amerik Latin kolonyal pou bay mendèv sou teren yo?

- (1) sistèm encomienda
- (2) mèkantilis
- (3) Pasaj Mitan
- (4) kapitalis

22 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?


- I. _____
- A. “Fè ak San”
 - B. Lagè Otrich-Lapris
 - C. Lagè Lafrans-Lapris
 - D. Kaiser Wilhelm I

- (1) Kongrè Vyèn
- (2) Pataj Lafrik
- (3) Laj Absolutis
- (4) Inifikasyon Almay

23 Rezon prensipal kanal Syèz ak kanal Panama se te pou

- (1) kontwole imigrasyon nan koloni yo
- (2) limite komès esklav la
- (3) agrandi sistèm irigasyon yo
- (4) diminye distans wout komès yo

Baze repons ou pou kesyon 24 la sou desen ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: *Punch*, September 25, 1852 (adapte)

24 Gen anpil chans yo te itilize desen sa a ki te fèt pandan lane 1852 pou plede pou amelyorasyon nan

- (1) règ pou kay pou pòv rete ak travay yo (3) kondisyon nan faktori yo
(2) regleman sou ijyèn piblik (4) lwa sou sistèm pou vote a
-

Baze repons ou pou kesyon 25 ak 26 la sou pasaj ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

...Refòm ekonomik te gen ladan yo yon monnen modèn inifye ki baze sou yenn, operasyon labank, lwa komèsyak ak fiskal, bous, ak yon rezo kominikasyon. Li te pran tan pou etabli yon kad enstitisyonèl modèn ki te ankouraje yon ekonomi kapitalis avanse, men sa te fèt avan ane 1890 yo. Lè sa a, gouvènman an te gentan abandone pifò nan kontwòl dirèk pwosesis modènizasyon an, epi se te sitou pou pwoblèm bidjè. Plizyè nan ansyen *daimyo* yo, ki te touche tout pansyon yo yon sèl kou, te benefisyè anpil nan investisman yo te fè nan endistri ki t ap parèt yo. Moun ki te patisipe nan komès etranje avan Restorasyon Meiji yon fason enfòmèl te fleri tou. Ansyen konpayi sistèm *bakufu* ki te kenbe ak fason tradisyonèl yo te echwe nan nouvo anvivonman komèsyal la....

— *Japan: A Country Study*, Library of Congress

- 25 Selon paj sa a, kisa peyi sa a t ap eseye fè?
- (1) bay daimyo yo avantaj
 - (2) devlope yon sekirite pou biznis tradisyonèl yo
 - (3) vin yon nasyon-eta endistriyalize
 - (4) abandone kontwòl sou komès etranje
- 26 Kiyès nan gwoup faktè sa yo ki te avanse pwosesis modènizasyon ki dekri nan pasaj sa a dirèkteman?
- (1) politik izolasyonis, politik fiskal, peman ki fèt yon sèl kou
 - (2) investisman kapital, enfliyans gouvènman, refòm ekonomik
 - (3) komès etranje, kontwòl gouvènmanal dirèk, ansyen konpayi ki toujou swiv sistèm bakufu a
 - (4) rezo kominikasyon, pratik ki deja etabli, anile pansyon
-

27 Masak Amenyen an (nan ane 1910 yo) ak famin fòse nan peyi Ikrèn nan (nan ane 1930 yo) se egzamp

- (1) teworis entènasyonal
- (2) konfli relijye
- (3) lagè geriya
- (4) vyolasyon dwa moun

28 Sansi, diktati ak yon sèl pati politik, ak ranplasman modèl relijye ak pa eta a yo tout se patikilarite yon

- (1) gouvènman demokratik
- (2) monachi limite
- (3) gouvènman totalitaryen
- (4) sistèm palmantè

29 Objektif prensipal plan senk an Joseph Stalin nan se te pou

- (1) ogmante pwodiksyon agrikòl ak endistriyèl
- (2) limite richès boujwazi a
- (3) ogmante pwodiksyon pwodwi pou konsomasyon
- (4) limite imigrasyon minorite etik yo

30 Pandan ane 1930 yo, sa ki te plis pouse politik enperyalis Japon an se te

- (1) revanj paske yo te lage bonm sou vil li yo
- (2) bezwen pou resous natirèl
- (3) yon dezi pou kenbe valè tradisyonèl li yo
- (4) yon detèminasyon pou simaye Boudis Zenn

- 31 • Gran Pa An Avan
• Revolisyon Kiltirèl
• Kat Modènizasyon


Tout politik sa yo asosye ak

- | | |
|-----------|------------|
| (1) Lenn | (3) Chili |
| (2) Itali | (4) Lachin |

32 Nan ki rejyon pifò nasyon-manm Òganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl (OPEC) ye?

- | | |
|------------------|------------------|
| (1) Amerik Latin | (3) Mwayen Oryan |
| (2) Lewòp | (4) Lazi Delès |

Baze repons ou pou kesyon 33 sou desen ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: John Trever, *Albuquerque Journal*, 1998 (adapte)

- 33 Kisa ide prensipal desen ane 1998 sa a ye?
- (1) Peyi Etazini te reyisi dirije chanjman ekonomik Larisi.
 - (2) Larisi gen difikilte pou fè chanjman ant kominis ak kapitalis.
 - (3) Pifò ris dakò pou retounen nan kominis.
 - (4) Gouvènman Ris la pa ka mentni lòd.
-
- 34 Yo te ekri Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan pou reyaji ak
- (1) zak kriyèl yo te fè pandan Dezyèm Gè Mondyal la
 - (2) kay Outou yo te boule Rwanda yo
 - (3) demann pou trete peyizans Latino Ameriken nan Gwatemala yo pi byen
 - (4) migrasyon fòse moun ki rete nan vil yo sou dominasyon Khmer Rouge
- 35 *Green Revolution* se yon tèm 20èm syèk ki refere a gwo avansman yo te fè nan domèn
- (1) kominikasyon elektwonik
 - (2) pwodiksyon manje
 - (3) lè popilasyon pa grandi
 - (4) gè byolojik

Baze repons ou pou kesyon 36 la sou pasaj ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

...Yo te kanpe nan ke [liy] pou vote ansanm—blan, nwa, metis, endyen—epi yo te dekouvri yo te konpatiyòt [moun ki soti nan menm peyi a]. Sid-Afriken blan yo te twouve yo te retire yon gwo chay sou do yo ki te fè yo santi yo koupab. Yo te kòmanse ap dekouvri sa nou te konn di yo a—ou pa ka divize libète, liberasyon nwa inekzorableman [nesesèman] vle di liberasyon blan. Nou te wè yon mirak ap dewoule devan je nou—li se yon rèv k ap vin yon reyalyte. Se yon viktwa pou tout Sid-Afriken. Se yon viktwa pou demokrasi ak libète....

— Bishop Desmond Tutu, *The Rainbow People of God: The Making of a Peaceful Revolution*

36 Evènman nan fen pasaj sa a siyifi fen ki politik?

- (1) apated
 - (2) detant
 - (3) kolonyalis
 - (4) apezman
-

Baze repons ou pou kesyon 37 la sou pasaj ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.


JOHANNESBURG—Souvan yo dekri Lafrik tankou yon kote gen plen ak lagè, maladi ak pòvrete, ak yon krach nan men yo pou mande rès monn nan charite. Men yon nouvo rapò montre yon pòtrè ki pi optimis pou yon kontinan ak yon ekonomi nasyonal k ap grandi ak yon klas konsomatè k ap agrandi ki ofri envestisè etranje yo to retou ki pi wo nan monn k ap devlope a....

— “Report Offers Optimistic View of Africa’s Economies,” *New York Times*, June 24, 2010

37 Ki prè an plis ki te kapab sipòte agiman nan pasaj sa a pi byen?

- (1) yon ogmantasyon nan to povrete pou pifò peyi Afriken yo
 - (2) ogmantasyon to mòtalite kay timoun Afriken yo
 - (3) kwasans nan pwodwi nasyonal brit pou kèk peyi Afriken
 - (4) to enfstasyon ki toujou wo nan tout Lafrik
-

Baze repons ou pou kesyon 38 lan sou kat jewografik ak graf ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: John T. Rourke, *International Politics on the World Stage*, McGraw-Hill, 2003 (adapte)

- 38 Selon enfòmasyon ki sou kat jewografik ak graf sa a, ki deklarasyon ki egzat?
- (1) Fanm yo gen pozisyon dirijan nasyonal sèlman nan demokrasi Oksidantal yo.
 - (2) Pouwa politik fanm ap bese ofiramezi depi ane 1960 yo.
 - (3) Se dirijan nasyonal fanm k ap domine gouvènanman Afriken yo.
 - (4) Gen fanm ki dirijan nasyonal nan prèske tout rejyon nan monn nan.

Baze repons ou pou kesyon 39 lan sou desen ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: Jimmy Margulies, *The Record*, Hackensack, N.J., January 14, 2010 (adapte)

39 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Apre tranblemanntè a, gouvènman Ayiti a te reyaji vit pou bay pèp la sa yo bezwen.
- (2) Pèp ayisyen an te gen gwo pwoblèm ekonomik avan tranblemanntè 2010 la.
- (3) Tranblemanntè 2010 te pote soulajman finansye pou pèp ayisyen an.
- (4) Malgre tranblemanntè a te kraze anpil pwopriyete, se sèlman detwa moun ki te blese oswa mouri.

40 **“Tribinal Ki Pi Wo Nan Kanbòdj Kòmanse Revize Plent Pou Eleksyon”**

“Moun ki Genyen Eleksyon Kenya Anpil Moun Konteste a”

“Eleksyon Yo Gate nan Zimbabwe Paske Yo Akize Robert Mugabe Pou Fwod Elektoral”

Gwo tit sa yo montre kijan nan kèk peyi moun toujou ap goumen pou

- (1) kreye pwosesis demokratik ki san paspouki
- (2) pwoteje libète laprès
- (3) etabli tribinal ki pa nan patipri
- (4) garanti libète pou moun reyini

41 Tit atik ki rele “Can Minority Languages be Saved?” (Èske nou ka sove lang minorite yo?) nan magazin *The Futurist* endike konfli ant

- (1) pwodiktivite ak revni
- (2) libète ak diktati
- (3) relijyon ak layisite
- (4) globalizasyon ak divèsite

42 Kisa ki te yon gran rezon vil Babilòn, Harappa, ak Kyèv te vin sant enpòtan pou sivilizasyon?

- (1) Komès nan vale rivyè te fè yo vin vil ekonomik kle.
- (2) Paske yo te gen kontwòl detwa ki te toupre yo, sa te vin bay yo anpil pouvwa.
- (3) Aksè dirèk pou ale nan oseyan an te fè yo vin tounen sit pèlerinaj.
- (4) Paske yo te tou pre tèt mòn moun pase pou ale lòt kote, yo te vin tounen wout pasaj pou ale nan lòt rejyon.

- 43 • Galileyo te itilize teleskòp la epi li te kontredi sa yo t ap anseye nan epòk la.
- Isaac Newton te dekouvri lwa gravite.
 - Kopènik te dekouvri Solèy la nan sant inivè a.

Ki peryòd ki plis asosye ak evènman sa yo dirèkteman?

- (1) Kòmansman Mwayennaj
- (2) Revolisyon Syantifik
- (3) Refòm Pwotestan
- (4) Revolisyon Endistriyèl

44 Kiyès nan inovasyon teknolojik sa yo ki te devlope *avan*?

- (1) machin a vapè
- (2) poud kanon
- (3) chari an bwa
- (4) karavèl

- 45 • Wa Angletè James II sove al an Frans.
- William ak Mary enstale sou twòn Angle a.
 - Deklarasyon Dwa Angle a etabli.

Ki evènman nan istwa Angle ki plis asosye ak aksyon sa yo dirèkteman?

- (1) kreyasyon Legliz Anglikan an
- (2) defèt Amada Espanyòl la
- (3) Revolisyon Laglwa
- (4) Revolisyon Piriten

Baze repons ou pou kesyon 46 la sou deklarasyon oratè yo pi ba ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

Oratè A: Dwa komèsyal ak òganizasyon machann yo te kòmanse parèt pandan mwen te vivan. Mwen te vwayaje de vil an vil pou fè komès ak atizan ak pou jwenn nouvo pwodwi ki te soti nan lès sou wout komès ki etabli.

Oratè B: Fontyè nasyonal ak lwayote te vin gen mwens enpòtans pandan mwen te vivan. Anpil peyi te elimine tarif epi yo te kreye yon nouvo òganizasyon komès entènasyonal.

Oratè C: Fanmi nou te travay poukont nou sou pwòp tè nou. Nou te plante ase manje pou bay tèt nou manje epi jwenn prèske tout sa nou bezwen ak pwòt travay nou.

46 Ki sijè ki objektif prensipal deklarasyon oratè sa yo?

- (1) sitwayènte
- (2) ibanizasyon
- (3) dwa moun
- (4) ekonomi

47 Yon konparezon ant Revolisyon Franse a (1789) ak Revolisyon Ris la (1917) montre

- (1) souvan inegalite politik ak ekonomik fè moun mande chanjman
- (2) jeneralman gouvènman demokratik yo kapab lakòz revolisyon
- (3) revolisyon yo baze sou yon sèl plent
- (4) depi gen privatizasyon to ou ta ap gen yon lit ant klas yo

48 Yon objektif Rebelyon Sepòy nan Lenn ak Rezistans Zoulou nan Afrik-Disid te pou

- (1) divize peyi yo
- (2) etabli gouvènman teyokratik
- (3) opoze mouvman nasyonalis yo
- (4) fini ak kontwòl etranje

Baze repons ou pou kesyon 49 ak 50 lan sou desen ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

Yon Pon Ki Dekoupe



Sous: Leonard Raven-Hill, *Punch* (adapte)

49 Desinatè a ap fè remak sou politik entènasyonal touswit apre ki konfli?

- (1) Gè Napoleyonik yo
- (2) Premye Gè Mondyal
- (3) Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Gè Fwad la

50 Desinatè a ap sijere Lig Nasyon an ap echwe paske

- (1) Lafrans ak Angletè kontwole fondasyon an
- (2) Etazini depann twòp sou Angletè ak Itali pou sipò
- (3) Etazini poko yo manm
- (4) Angletè ak Itali pa vle èd nan men Beljik ak Lafrans

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Jewografi Imen ak Jewografi Fizik

Pafwa patikularite jewografik natirèl kapab yon defi pou sosyete yo. Sosyete yo te itilize plizyè inovasyon teknolojik pou konbat defi sa yo, epi sa vin pote chanjman.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** patikularite jewografik natirèl ki prezante defi pou yon sosyete, epi pou **chak**

- Eskplike poukisa patikularite jewografik natirèl sa a prezante yon defi pou yon sosyete
- Diskite chanjman sa te pote paske yo te itilize inovasyon teknolojik pou konbat defi patikularite jewografik sa a te bay

Ou ka itilize nenpòt karakteristik jewografik nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk karakteristik jewografik ou kapab vle konsidere gen ladann Oseyan Atlantik la (karavèl), Monday And yo (wout), Dezè Sahara (karavan chamo yo), Forè twopikal amazòn (materyèl pou dife/pou koupe), tondra ris (ekipman espesyalize nan fouye twou), mouson nan oseyan enyen an (vwal latin), rivyè ki prale nan lès peyi lachin (Gran Kanal), ak inondasyon rivyè Nil la (baraj).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa ekri anyen sou karakteristik jeyografik Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Paj sa a rete vid toutespre.

ALE SOU PWOCHEN PAJ LA ⇒

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Aprè Dezyèm Gè Mondyal la, *Almay*, *Palestin*, ak *Lenn Britanik* te divize pou plizyè rezon. Chak divizyon te afekte moun nan rejyon sa a, rejyon an, ak lòt peyi.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** rejyon ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te fè gen divizyon an
- Diskite kijan lè yo te divize rejyasyon sa a li te afekte pèp rejyon sa a, rejyon an li menm, ak/oswa lòt peyi

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:


- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: Patrick K. O'Brien, general editor, *Oxford Atlas of World History*, Institute of Historical Research, University of London (adapte)


* Pwotektora Slovaki a te rete endepandan malgre li te aliye ak Almay.

1. Selon kat jewografik sa a, idantifye **yon** teritwa ki te anekse pa Almay ant 1938 ak 1939. [1]


Score

Dokiman 2

Almay Apre Dezyèm Gè Mondyal



Sous: World History: Perspectives on the Past, Geography Skills Worksheets, D.C. Heath (adapte)



Sous: Richard Natkiel, Atlas of the 20th Century, Facts on File (adapte)

2 Selon kat jewografik sa yo, idantifye **de** enpak Dezyèm Gè Mondyal la te gen sou Almay. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3a

...Aprè Dezyèm Gè Mondyal la, Bèlen-Lwès te yon zile dèyè Rido Fè a, yon avan-pòs pisans oksidantal yo te sènen.

Moun ki te rete nan bò Lès Bèlen te kòmanse pati an gwoup pou al rete nan bò Lwès Bèlen. Menm avan konstriksyon Mi an, te gen apeprè 2,000 moun ki t ap soti bò Lès pou ale bò Lwès chak semèn....

Yo te bati yon baryè ant Lès ak Lwès pandan lanwit an kachèt....

Gran maten jou ki te 13 out 1961, yo te mete yon baryè epi sa te mete yon komonite 17 milyon moun nan prizon [nan Almay Lès]....

Sous: "Building the Berlin Wall," BBC World Service

Dokiman 3b

"Gade konbyen k ap rete bò kote ou."



Sous: Don Wright, *The Miami News*, 1961

3 Selon dokiman sa yo, bay **yon** bagay ki te rive pèp Bèlen an paske yo te konstwi Mi Bèlen an. [1]

Score

Dokiman 4

2 novanm 1917

Chè Seyè Rothschild,

Se ak anpil plezi m ap anonse nou, nan non Gouvènman [Britanik] Majèste a, deklarasyon senpati ak aspirasyon Jwif Syonis yo Kabinè a te resevwa, epi li te apwouve.

“Gouvènman Majèste a dakò ou etabli yon fwaye nasyonal pou pèp Jwif la nan Palestin, epi l ap fè tout efò pou reyalize objektif sa a, nou konprann klè tankou dlo kokoye pou pa gen okenn prejije [mal] kont dwa sivil ak relijye kominote ki pa Jwif nan Palestin yo, oswa dwa ak plas politik Jwif yo genyen nan nenpòt lòt peyi.”

Mwen t ap rekonesan si ou ta fè Federasyon Syonis la konnen deklarasyon sa a.

Salitasyon,

Arthur James Balfour

Sous: Balfour Declaration, 1917

4a Selon Deklarasyon Balfou a, ki sipò gouvènman britanik la te ofri pèp Jwif yo an 1917? [1]

Score

b Selon Deklarasyon Balfou a, ki asirans gouvènman britanik la te bay kominote ki pa Jwif ki t ap viv Palestin yo? [1]

Score

Dokiman 5a

...Te toujou gen dezòd sou teritwa a kote te toujou gen chirepit ant imigran Arab ak Jwif yo (ki te reprezante yon tyè popilasyon an, epi te pwopriyetè anviwon 6% tè a). Sitiyasyon an te vin pi grav lè plizyè santèn Jwif ki te sove anba pèsèksyon Nazi an Ewòp te ale la. Yo te touye apeprè sis milyon jwif nan Olokos la pandan Dezyèm Gè Mondyal la.


Nasyonzini te tabli yon komite espesyal ki te rekòmande yo divize teritwa a an eta Jwif ak Palestin separe. Reprezantan Palestine yo, ki rele Ot Komite Araba a, te refize pwopozisyon an; kontrepati yo nan Ajans Jwif la te aksepte li.

Plan separasyon an te bay 56.47% nan [Manda Britanik la] Palestin bay eta Jwif la epi 43.53% bay eta Arab la, ak yon ti teritwa izole arebò Jerizalèm. Jou ki te 29 novanm 1947, 33 peyi nan Asanble Jeneral Nasyonzini a te vote pou separasyon an, 13 te vote kont li, epi 10 pa te vote. Yo pa te janm mete plan an, ki te rejte pa Palestinyen, an aplikasyon....

Sous: BBC News

Dokiman 5b

Plan Separasyon Nasyonzini, 1947



Sous: Peter N. Stearns, et al.,
World Civilizations: The Global Experience,
Pearson Longman, 2006 (adapte)

5a Selon BBC News, kisa ki **yon** rezon yo te rekòmande divizyon Palestin? [1]

Score

b Daprè fontyè ki gen sou kat jewografik ou wè a, ki sa ki **yon** pwoblèm ki te kapab genyen ak plan separasyon Nasyonzini a? [1]

Score

Dokiman 6

Evènman nan Rejyon Izrayèl-Palestin nan 1948–1950

| | |
|------|---|
| 1948 | <ul style="list-style-type: none">• Izrayèl menm te deklare tèt li yon peyi endepandan• Lagè pete• Efd Nasyozini pou gen lapè echwe• Rezolisyon 194 Nasyonzini gen yon pwovizyon ki t ap pèmèt refijye ki te vle retounen lakay yo ak viv an pè fè sa a nan premye dat ki pratik la epi yo dwe peye konpansasyon pou pwopriyete sa yo ki chwazi pa retounen. [Malgre rezolisyon an te vote plizyè fwa, li pa t janm antre ann aksyon.] |
| 1949 | <ul style="list-style-type: none">• Izrayèl te siyen akò amistis ak Lejip, Liban, Jòdani, ak Siri• Riv Oksidantal la sou kontwòl Jòdani• Bann Gaza a sou okipasyon Ejipsyen |
| 1950 | <ul style="list-style-type: none">• Riv Oksidantal la, ak Jerizalèm Lès ladann, anekse pa Wayòm Jòdani |

Sous: Based on The Avalon Project at Yale Law and The Jewish Virtual Library

6 Selon tablo sa a, bay **yon** bagay ki te rive paske plan separasyon Nazyonzini an 1947 nan rejyon Izrayèl-Palestin nan te echwe. [1]

Score

Dokiman 7

Lig Mizilman Nan

Se pa tout endyen yo ki te dakò ak apwòch la oswa objektif Pati Kongrè a. Anpil mizilman pa te santi yo alèz ak sa yo te santi ki te eleman relijye Pati Kongrè a. Anpil Mizilman te twouve estrateji Gandhi a baze sou endou—pa egzanp, lè li te fè jèn epi pwoteste san vyolans. Pati Kongrè a te sèlman prefere endou, yo te wè yo kont mizilman yo menm.

Paske te vin gen plis sektè, menm mizilman modere yo te vin kòmanse pè travay ak Kongrè a. Kèk te pè pou yon demokrasi reprezantatif, tankou pa Grann Bretay la, pa te travay nan peyi Lenn. Yo te kwè paske majorite a ten endou, yo t ap kraze minorite mizilman an. An plis, kèk te pè pou mizilman yo pa tonbe dèyè endou yo nan edikasyon fòmèl, ki pa te baze sou pèsan ankò, men sou angle. Epi tou mizilman yo te patisipe mwens nan komès, endistri, ak gouvènman lokal....


Sous: *Indian Independence and the Question of Pakistan*, Choices Program, Watson Institute for International Studies, Brown University

7 Selon pasaj sa a, kisa ki **yon** rezon Mizilman yo pa te fè Pati Kongrè a konfyans? [1]

Score

Dokiman 8

Separasyon Lenn




Sous: Christine Hatt, *Judge for Yourself: Mahatma Gandhi*, World Almanac Library (adapte)

8 Dapre kat jwografik sa a, bay **yon** enpak ki te akoz separasyon Lenn. [1]

Score

Dokiman 9a



Yon semèn apre repatisyon 15 Out 1947 la, ki te kreye peyi Lenn ak Pakistan, tètwa Himalayan nan Kashmi, ki te Mizilman an majorite, te okipe ak divize ant yon pati Endyen (Jamou ak Kashmi) ak yon pati Pakistanè (Azad Kashmi), sa te kite yon kont teritoryal ki pa t rezoud ant de peyi yo. Depi lè sa a, te gen plizyè konfli ame (ant 1965 ak 1999) ak anpil afwontman ant fòs Endyen ak fòs Pakistanè yo.

Sous: Philippe Rekacewicz, *Le Monde diplomatique*, English edition, January 2000 (adapte)

Dokiman 9b

Sa a se yon ekstrè ki soti nan yon entèvyou ak Mohammad Sadiq, yon direktè otèl Kashmiri. Otèl la nan Kargil, ki se zòn Lenn gen kontwòl nan Kashmi.

Sa fè 17 lane depi m ap jere Otèl Siachen nan vil Kargil. Li te inogire [louvri] nan lane 1986.

Ane sa a [2002] se premye fwa biznis pa bon nan eta sa a paske gen gwo tansyon sou fontyè Lenn ak Pakistan. Se detwa grenn touris etranje ki genyen epi anpil moun aletranje te rele pou anile rezèvasyon yo.

Sa a se yon gwo pwen tranzit pou alpinis ki renmen fè trekking nan Himalaya. Mwen ane sa a touris yo pa met pye epi nou pa jwenn anyen.

Depi konfli Kargil ant Lenn ak Pakistan nan lane 1999 la bagay yo te vin miyò tou piti. Ane pase touris yo te kòmanse ap vini. Men se pa ane sa a.

Nou vrèman bezwen pou Lenn ak Pakistan regle bagay sa a yon fwa pou tout. Te gen twòp vyolans epi nou bezwen fini ak bagay sa a vit.

Bagay yo pi mal pou nou paske nou devan.

Se nou k ap souffri konsekans pilonnay Pakistan yo epi li te detwi lavi nou.

Chak fwa tansyon an monte ant de (2) peyi yo, yo lage gwo bonm sou nou.

Nou oblije kite kay yo, tout sa nou posede, lavi nou. Li deranje nou epi nou souffri akòz sa...

Sous: "Voices from Kashmir," 2003 BBC News

9 Dapre dokiman sa yo, kisa ki **de (2)** bagay ki te lakòz konfli fontyè ant Lenn ak Pakistan? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Aprè Dezyèm Gè Mondyal la, *Almay*, *Palestin*, ak *Lenn Britanik* te divize pou plizyè rezon. Chak divizyon te afekte moun nan rejyon sa a, rejyon an, ak lòt peyi yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* rejyon ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki te fè gen divizyon an
- Diskite kijan lè yo te divize rejyon sa a li te afekte pèp rejyon sa a, rejyon an li menm, ak/oswa lòt peyi

Gid:

Nan redaksyon ou an, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

